

FASON POU JWENN YON RAPÒ LAPOLIS

PDCS-8100j

Dapre Lwa konsènan Libète Enfòmasyon (Freedom of Information Law, FOIL), ou ka mande yon kopi rapò lapolis ou nan Depatman Lapolis Konte Suffolk (Suffolk County Police Department). Si ou pa t resevwa yon rapò lapolis nan moman ensidan ou, gen yon kantite fason pou ou pou aplike pou rapò lapolis dapre FOIL. Enfòmasyon ki endike anba la yo bay gid ak eksplikasyon detaye:

Fason pou Jwenn Rapò Aksidan sou Sitwèb Buycrash.com

SOU ENTÈNÈT	Depatman Lapolis Konte Suffolk fè yon patenarya avèk Buycrash.com pou bay rapò sou aksidan yo sou entènèt pou achte 7 jou apre ou fè yon aksidan.
Rapò Aksidan Sèlman	Pou achte yon rapò aksidan (<i>sof pou aksidan ki lakòz moun mouri ak sa ki sou ankèt</i>), ale sou sitwèb Buycrash.com . Pou etap detaye sou fason pou jwenn ak achte yon rapò aksidan, klike sou FAQ's .

Fason pou Jwenn Rapò Lapolis nan Seksyon Dosye Santral

Kèlkeswa fason ou te fè demann lan, n ap voye tout Rapò Lapolis dapre FOIL ba moun ki fè demann nan sèvis Lapòs Etazini. W ap gen pou peye yon frè \$.25 pou chap paj plis tenm pou dosye ou jwenn nan Dosye Santral yo. N ap mete yon bòdwo ansanm avèk rapò ou andedan anvlòp la.

1. SOU ENTÈNÈT Si Se Pa Aksidan	Ou kapab remèt demann rapò, ki pa rapò Aksidan , sou Entènèt depi ou ale sou sitwèb nou nan www.suffolkpd.org epi depi ou klike sou ikòn " Request A Report " (mande yon rapò) nan paj prensipal la.	
2. PA LAPÒS Tout Rapò yo	Si ou gen aksè nan entènèt, ou ka telechaje fòm nou an, Application for Public Access to Records (Aplikasyon pou Aksè Piblik nan Dosye) sou sitwèb ou nan: www.suffolkpd.org Klike sou Forms and Reports (fòm ak rapò) ; Anba Central Records Forms & Requests (Fòm ak Demann Dosye Santral), klike sou FOIL PDCS-5414 . Ou kapab ranpli fòm sa a sou entènèt; men ou pa kapab ni sovgaide li ni remèt li sou fòm elektwonik - <u>ou dwe enprime li epi ou dwe voye li pa lapòs nan Seksyon Dosye Santral SCPD.</u>	
	Voye demann ou pa lapòs epi mete yon ANVLÒP TENBRE KI GEN ADRÈS KOTE POU VOYE LI nan: Suffolk County Police Department Central Records Section 30 Yaphank Avenue Yaphank, NY 11980-9705	Demann ou ta dwe gen ladan enfòmasyon ki anba la yo: A. Non ak Adrès ou B. Dat Ensidan an oswa Aksidan an C. Kote Ensidan an oswa Aksidan an te Fèt D. Non Moun ki Fè Plent lan E. Nimewo Santral Plent lan, si ou konnen li F. Kalite Ensidan an *G. Si se Aksidan, Non (yo) Chofè Machin nan
	*NOT: Rapò aksidan (kopi sètifye): Pou kapab evite frè siplemantè lapòs, ou ka siyen yon chèk oswa chèk postal (money order) ki ekri sou non Suffolk County Police Department pou yon total \$1.00 dola. Sizoka gen yon frè siplemantè ki asosye avèk demann ou, n ap mete yon bòdwo ansanm avèk rapò ou. Sa ap pran apeprè 3-4 semèn pou resevwa kopi sètifye ou.	
3. FAS-A-FAS Tout Rapò yo	Ou ka ranpli epi depoze demann ou yo nan kontwa biznis Dosye Santral yo, depi lendi jiska vandredi, ant 9 a.m. ak 3:45 p.m. Nou pa travay sou demann yo sou kontwa a – n ap voye yo retounen avèk sèvis Lapòs Etazini - imedyatman li posib (<i>sof si se Rapò Aksidan ak Rapò Teren ki pa kriminel (PDCS-1053), nou bay nan kontwa a</i>). Demann pou Rapò Aksidan (kopi sètifye) pou aksidan ki te fèt pandan dènye 18 mwa yo disponib pou vin chèche nan Dosye Santral yo, depi lendi jiska vandredi, ant 9am ak 3:45 pm. Tanpri kite 7-10 jou ouvrab pase ant dat aksidan an pou rapò a rive nan Dosye Santral yo.	

KOTE POU PASE POU VINI NAN BILDING KATYE JENERAL DEPATMAN LAPOLIS KONTE SUFFOLK, SEKSYON DOSYE SANTRAL

DEPI	DIREKSYON LÈS	Soti 67 (CR 21 -Yaphank Ave.) Vire adwat sou Yaphank Ave. (CR 21) -Sid ½ mil, premye viraj adwat apre pon ki kwazman chemennfè a.
L.I.E.:	DIREKSYON LWÈS	Soti 67 (CR 21 -Yaphank Ave.) Vire agoch anba limyè sikilasyon an nan Yaphank Ave. (CR 21) -Sid ½ mil, premye viraj adwat apre pon ki kwazman chemennfè a.
DEPI	DIREKSYON LÈS	Rt. 27 pou rive nan Horseblock Rd. Soti 57N. ¼ mil pou rive nan Yaphank Ave. (CR 21) Nò 1 ½ mil pou rive nan Biwo Santral la.
SUNRISE HIGHWAY:	DIREKSYON LWÈS	Rt. 27 pou rive nan soti Horseblock Rd Agoch sou Service Rd. pou rive nan Pano Estòp la. Adwat sou Horseblock Rd. Yon ti distans pou rive nan Yaphank Ave. (CR 21) Nò 1 ½ mil pou rive nan Biwo Santral la.

POU ENFÒMASYON SÈLMAN: (631) 852-6015

Ekri an lèt detache: Non PO (Prenon, Non Fanmi, M/I)

Nimewo Boukliye

Nimewo Kòmmanman

Dat la

Santral Plent lan



AJANS LAPOLIS KI AGREYE
Ale sou Sitwèb nou nan www.suffolkpd.org
Liy Dirèk pou Bay Ransèyman Konfidansyèl sou Krim **1-800-220-TIPS**
Soumisyon Ransèyman Anonim sou Entènèt - www.tipssubmit.com
Voye Ransèyman nan Tèks: Voye Tèks SCPD Plis Mesaj la Nan: **CRIMES (274637)**
Repons Lapolis ki Nesesè San Pa Gen Ijans - **(631) 852-COPS**

